

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu panalungtikan, pamarekan anu dipaké nya éta panalungtikan kualitatif anu dilarapkeun kana karya sastra. Panalungtikan kualitatif nya éta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data deskriptif mangrupa tulisan atawa lisan (Yanuariska, dkk, 2017, kc.233). Anapon nurutkeun Moleong (Andriany, 2016 kc.7) panalungtikan kualitatif nya éta sakumaha dijéntrékeun di handap.

*Penelitian yang bermaksud untuk memahami fenomena tentang apa yang dialami subjek penelitian misalnya perilaku, persepsi, motivasi, tindakan, dll., secara holistik, dan dengan cara deskripsi dalam bentuk kata-kata dan bahasa, pada suatu konteks khusus yang alamiah dan dengan memanfaatkan berbagai metode ilmiah.*

Lian ti pamarekan kualitatif, unggal panalungtikan ogé ngagunakeun métode panalungtikan. Métode panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data anu miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu (Sugiyono dina Permadi, 2017, kc.48). Métode bisa mangrupa angkét, wawancara, observasi, tés, jeung dokumentasi (Arikunto, 2013 kc.203). Lian ti métode, dina unggal panalungtikan aya pamarekan anu dipaké. Dina ieu panalungtikan, métode anu dipaké nya éta métode deskriptif analisis.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.3) kecap deskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* anu hartina ngajéntrékeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, kajadian, kagiatan, faktual, jrrd. Ieu métode dipaké lataran métode deskriptif analisis mangrupa métode utama anu ngulik analisis panalungtikan kana sumber-sumber datana. Métode analisis deskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita dina dongéng-dongéng Sunda anu miboga unsur cai tuluy dibandingkeun fungsi cai anu aya dina unggal dongéngna.


#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nya éta rarancang kabéh hal jeung kagiatan anu dilakukeun ku panalungtik. Cindekna mah desain panalungtikan téh ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti

ngarumuskeun masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan. Saupama digambarkeun, desain dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.

### **Bagan 3. 1**

#### *Desain Panalungtikan*



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.72) sumber data dina panalungtikan nya éta subyék anu dipaké pikeun nyangking data. Data dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan dongéng atawa carita-carita dongéng anu miboga unsur cai nu tuluy dipaluruh ngeunaan strukturna sarta dibandingkeun ngeunaan fungsi caina.


Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sababaraha dongéng tina kumpulan *Dongéng-dongéng Sasakala* anu didongéngkeun deui ku Moh.Ambri, dongéng *Sasakala Maribaya* anu didongéngkeun ku Akub Sumarna, kumpulan dongéng *Asal-Usul Hayam Pelung* anu didongéngkeun deui ku Tatang Setiadi, kumpulan dongéng *Mama Lurah Sakti jeung Ki Mandahong* anu didongéngkeun deui ku Chyé Rétty Isnéndes jeung Habli Rohmat Hadid sarta kumpulan dongéng dina buku *Dongéng-dongéng Pinilih* anu didongéngkeun deui ku Budi Rahayu Tamsyah.

Tina lima buku sumber, kapanggih lobana 17 dongéng anu miboga unsur cai anu jadi obyék panalungtikan. Éta dongéng-dongéng ngawengku judul-judul: “Sasakala Maribaya”, “Sasakala Pangguyangan Badak Putih”, “Sasakala Walungan Citarum”, “Ngaran Cijéngkol”, “Ngaran Cibadak-Bungur Sarang”, “Ngaran Pawenang”, “Cigunung Geulis”, “Mama Lurah Sakti Ngubaran nu Kateluh”, “Putri Tangkal Jéngkol”, “Monyét Ki Mandahong”, “Sasakala Situ Bagendit”, “Sasakala Kalapagenep”, “Sasakala Leuwironggéng”, “Maung Kajajadén”, “Nyi Roro Kidul”, “Munding jeung Oray Totog”, jeung “Bebentét”.

#### 1) Idéntitas Buku *Sasakala Maribaya*

Judul	: <i>Sasakala Maribaya</i>
Didongéngkeun deui ku	: Akub Sumarna
Medal	: Citakan kahiji, 2013
Penerbit	: Geger Sunten
Kandel buku	: 48 kaca
Warna jilid	: Hideung


**Gambar 3. 1**  
*Jilid Buku Sasakala Maribaya*



## 2) Identitas Buku Asal-Usul Hayam Pelung

Judul	: <i>Asal-Usul Hayam Pelung jeung dongéng-dongéng Cianjur lianna</i>
Didongéngkeun deui ku	: Tatang Setiadi
Medal	: Citakan kahiji, 2011
Penerbit	: Kiblat Buku Utama
Kandel buku	: 111 kaca
Warna jilid	: Beureum

**Gambar 3. 2**  
*Jilid Buku Asal-Usul Hayam Pelung jeung dongéng-dongéng Cianjur lianna*



### 3) Idéntitas Buku *Mamah Lurah Sakti jeung Ki Mandahong*

Judul	: <i>Mamah Lurah Sakti jeung Ki Mandahong</i> <i>Dongéng-dongéng Petingan ti Sukabumi</i>
Didongéngkeun deui ku	: Chyé Retty Isnéndés jeung Habli Rohmat Hadid
Medal	: Citakan kahiji, 2015
Penerbit	: Yrama Widya
Kandel buku	: 96 kaca
Warna jilid	: Héjo

#### Gambar 3. 3


*Jilid Buku Mamah Lurah Sakti jeung Ki Mandahong Dongéng-dongéng Petingan ti Sukabumi*



### 4) Idéntitas Buku *Dongéng-dongéng Pinilih*

Judul	: <i>Dongéng-dongéng Pinilih</i>
Didongéngkeun deui ku	: Budi Rahayu Tamsyah
Medal	: Citakan kahiji, 2010
Penerbit	: Manna Wasalwa
Kandel buku	: 192 kaca
Warna jilid	: Héjo

**Gambar 3. 4**  
**Jilid Buku Dongéng-dongéng Pinilih**



**5) Idéntitas Buku Dongéng-dongéng Sasakala**

Judul	: <i>Dongéng-dongéng Sasakala</i>
Didongéngkeun deui ku	: Moh. Ambri
Medal	: Citakan kahiji, 2018
Penerbit	: Kiblat Buku Utama
Kandel buku	: 52 kaca
Warna jilid	: Hejo

**Gambar 3. 5**  
**Jilid Buku Dongéng-dongéng Sasakala**



### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sugiyono dina Permadi (2017, kc.53) nétélakeun yén ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber jeung sababaraha cara. Dina ieu panalungtikan, téhnik anu dipaké nya éta téhnik talaah pustaka. Studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data tina sumber-sumber, référénsi, buku, jurnal jeung artikel nu aya patalina sarta ngarojong kana panalungtikan.

Téhnik talaah pustaka dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun data ku cara maca sumber data patali jeung obyék panalungtikan nya éta dongéng-dongéng Sunda nu miboga unsur cai saperti dongéng *Sasakala Maribaya*, *Dongéng-dongéng Sasakala*, jrrd. Lian ti éta, dina ieu panalungtikan ogé dibarengan ku data lian nu ngarojong sarta aya patalina jeung struktural sarta intertékstual dina karya sastra. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) maca buku-buku anu aya patalina jeung strukturalisme jeung intertékstual;
- 2) nangtukeun sumber data, nya éta dongéng-dongéng Sunda anu miboga unsur cai;
- 3) maca sagemblengna dongéng-dongéng anu jadi bahan panalungtikan.

#### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpulkeun, léngkah satuluyna nya éta ngolah data. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis. Data anu dianalisis nya éta analisis struktural dina dongéng-dongéng Sunda anu miboga unsur cai, ogé ngabandingkeun fungsi cai anu aya dina dongéng-dongéng Sunda anu miboga unsur cai. Ngeunaan téhnik ngolah data, di handap ieu didadarkeun leuwih jéntré patali jeung analisis data.

##### 1) Téhnik Analisis Struktur Dongéng

Dina nganalisis data, anu munggaran dianalisis nya éta dongéng-dongéng nu miboga unsur cai tina buku *Dongéng-dongéng Sasakala*, *Sasakala Maribaya*, *Asal-Usul Hayam Pelung*, *Mama Lurah Sakti jeung Ki Mandahong* jeung *Dongéng-dongéng Pinilih*. Dongéng-dongéng anu jadi bahan panalungtikan dianalisis unsur strukturalna make tiori Kosawara anu ngawengku téma, latar, alur jeung palaku.

## 2) Téhnik Analisis Intertékstual Dongéng

Sabada dianalisis struktur carita dina unggal dongéng, léngkah analisis satuluyna nya éta ngabandingkeun fungsi cai anu aya dina unggal dongéng ngagunakeun pamarekan intertéktual Bakhtin anu nganalisis sasaran antara hiji téks karya sastra jeung téks karya sastra anu lianna.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung leuwih hadé, dina harti bisa leuwih taliti, lengkep jeung sistematis nu ngajadikeun data leuwih gampang diolah (Arikunto, 2013, kc.203). Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun kabagi jadi dua, nya éta instrumén dina ngumpulkeun data jeung instrumén dina ngolah data. Instrumén dina ieu panalungtikan dipaké pikeun nganalisis struktur dongéng-dongéng Sunda anu miboga unsur cai anu satuluyna dibandingkeun fungsi cai dina unggal dongéngna.

#### 3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Pikeun analisis data ngeunaan struktural jeung babandingan fungsi cai dina dongéng-dongéng Sunda ngagunakeun tabél saperti ieu di handap.

##### 1) Tabél Struktural

**Tabél 3. 1**  
*Analisis Téma*

<b>Analisis Téma Dumasar Konflik dina Carita</b>	
<b>Bagian/Bab</b>	<b>Déskripsi</b>



**Tabél 3. 2**  
*Analisis Alur*

<b>Alur</b>	<b>Judul Dongéng</b>
1) <i>Situation</i> 2) <i>Generating Circumstance</i> 3) <i>Rising Action</i> 4) <i>Climax</i> 5) <i>Denouement</i>	

**Tabél 3. 3**  
*Analisis Latar*

<b>Rupa-rupa Latar</b>	
1) Latar Tempat 2) Latar Waktu 3) Latar Sosial	

**Tabél 3. 4**  
*Analisis Palaku*

<b>Ngaran Tokoh</b>	<b>Jenis Tokoh</b>	<b>Analisis Tokoh</b>
		1) <i>Physical description</i> 2) <i>Potraval of thought stroom of conscious thought</i> 3) <i>Reaction to evens</i> 4) <i>Direct author analysis</i> 5) <i>Reaction of others to character</i> 6) <i>Conversation of other about character</i>

**2) Kartu Data Babandingan Fungsi Cai dina Dongéng****Tabél 3. 5***Conto Tabél Babandingan Fungsi Cai dina Dongéng*

<b>Judul Dongéng</b>	<b>Fungsi Cai dina Dongéng</b>			